



Pou Piblikasyon Imedya: 25/10/2023

GOUVÈNÈ KATHY HOCHUL

GOUVÈNÈ HOCHUL ANONSE ACHÈVMAN 50 INITE DEVLOPMAN LOJMAN NAN PRI ABÒDAB EPI AVÈK SIPÒ NAN KONTE ONONDAGA

Devlopman an ki fèk konstwi nan Vil Cicero kreye 35 apatman pou granmoun aje yo ak 15 apatman ki gen sèvis sipò pou veteran yo

Investisman an konplete inisyativ 'CNY Rising' lan – ki se estrateji global reyon an pou revitalize kominote yo epi devlope ekonomi an

Gouvènè Kathy Hochul te anonse jodi a achèvmann Monarch Commons, yon pwojè devlopman lojman nan pri abòdab 50 inite pou granmoun aje yo nan Vil Cicero nan Konte Onondaga. Devlopman ki efikas nan enèji a gen ladan 15 kay ki gen sipò pou veteran ki nan sityasyon sanzabri yo.

"Avèk konpayi tankou Micron k ap vini, Sant New York ak Konte Onondaga pare pou kwasans epi bezwen nouvo lojman tout kalite pou kenbe popilasyon divèsifye reyon an ak bay nouvo opòtinite pou lavni", **Gouvènè Hochul te deklare.** "Monarch Commons pral bay granmoun aje ak veteran yo yon kote ki an sekirite pou yo viv nan kominote yo renmen yo pandan y ap pwofite avantaj ekonomi nou an k ap elaji".

Monarch Commons konplete Plan Lojman konplè 25 milya dola Gouvènè Hochul la ki pral kreye oswa prezève 100,000 kay nan pri abòdab atravè Eta New York, ki enkli 10,000 kay ki gen sèvis sipò pou popilasyon vilnerab yo, plis elektrifikasyon yon lòt 50,000 kay.

Monarch Commons vini anvan devlopman pi gwo etablisman fabrikasyon semikondiktè nan istwa Etazini atravè Micron nan vil Clay ki alantou Konte Onondaga. Li nesesè pou nou ofri yon seri lojman pou kapab reponn a kwasans antisipe Sant New York akòz [investisman istorik](#) jiska 100 milya dola pandan plis pase 20 ane k ap vini yo nan Micron.

Devlopman an gen ladan yon sèl bilding de etaj ki gen 48 apatman yon chanmakouche ak apatman de chanmakouche. Tout apatman yo abòdab pou fanmi ki ap touche 60 pousan nan Revni Mwayen Zòn lan oswa pi piti ke sa.

Yo rezève kenz nan apatman Monarch Commons yo pou veteran yo ki nan sitiyaşyon sanzabri oswa ki gen risk vin sanzabri. Moun sa yo gen aksè nan sèvis sipò sou plas Soldier On bay, yon òganizasyon nasyonal ki espesyalize nan sipòte veteran yo. Sèvis ak sibvansyon lokasyon yo ap finanse atravè Inisyativ Lojman Sipò Empire State (Empire State Supportive Housing Initiative, ESSHI) la epi se Biwo pou Asistans Tanporè ak Andikape (Office of Temporary and Disability Assistance, OTDA) Eta New York la k ap administre li.

Monarch Commons respekte nòm efikasite nan enèji ak bilding ekolojik ke Pwogram Nouvo Konstriksyon - Lojman (Nivo 3) Otorite Devlopman ak Rechèch Enèji Eta New York (New York State Energy, Research and Development Authority, NYSERDA) a egzije a epi pwojè a te jwenn sètifikasyon LEED. Lòt fonksyonalite efikasite nan enèji yo enkli ekleraj LED, aparèy plonbri fèb debi, vantilatè saldeben ki fonksyone san rete, ak tout aparèy, ekipman, ekleraj ak akseswa Energy Star yo oswa ekivalan.

Chak apatman ap genyen gwo espas depo, enstalasyon kwizin modèn ak yon lakou oswa balkon. Saldeben yo ap ekipe avèk ba pou apiye ak kòd ijans pou fasilite vyeyisman an plas popilasyon aje ki rete nan bilding lan. Enstalasyon bilding yo ap enkli tou yon salon, sal kominotè, sal egzèsis ak sal enfòmatak. Bilding lan ap genyen tou yon espas biwo ki dedye ak yon espas reyinyon apa pou Soldier On, founisè sèvis sipò a pou popilasyon veteran Monarch Commons yo.

Finansman Eta a pou Monarch Commons 15 milyon dola a enkli 12 milyon dola nan Kredi Enpo pou Lojman pou moun ki gen Revni Ba ak 2.5 milyon dola nan sibvansyon ki soti nan Biwo Renouvèlman Kay ak Kominote (Homes and Community Renewal, HCR) Eta New York la. NYSERDA te bay 175,000 dola kòm sipò. CDS Wolf Foundation ak Central New York Community Foundation te bay finansman siplemantè. CDS Monarch se Devlopè ak operatè a.

Komisè Biwo Renouvèlman Kay ak Kominote a, RuthAnne Visnauskas, te deklare, "Monarch Commons founi 50 nouvo kay pwoteje, nan pri abòdab epi ki efikas nan enèji pou Nouyòkè ki pi aje yo ak veteran yo nan yon kominote banlye k ap grandi ak pwospere. Mèsi ak patnè nou yo nan OTDA, CDS Monarch ak Soldier On pou travay yo sou pwojè sa a ki pral amelyore lavi ak elaji òf lojman nan Konte Onondaga nan moman kritik sa a pou ekonomi Sant New York la".

Komisè Adjwen Biwo pou Asistans Tanporè ak pou Moun Andikape Eta New York la, Barbara C. Guinn, te deklare, "Gouvènè Hochul rekonèt sakrifis veteran nou yo te fè epi ajans lan angaje pou asire veteran yo ki pral rete nan Monarch Commons gen sipò yo bezwen pou yo reyisi. Sèvis sipò sou plas ke Soldier On ap bay yo pral pèmèt veteran ki te nan sitiyaşyon sanzabri yo gen yon kote ki an sekirite, abòdab pou yo viv kote yo kapab jwenn aksè fasilman ak sèvis yo pou ede fè fas a obstak ki ka te kontribiye nan pèmèt yo vin gen lojman".

Prezidan ak Direktè Egzekitif Jeneral NYSERDA, Doreen M. Harris, te deklare, "Fè avanse lojman pwòp, rezistan ak abòdab se yon eleman kle nan estrateji konplè

rediksyon emisyon Eta New York epi mwen kontan wè konstriksyon an fini nan Konte Onondaga. Monarch Commons mete aksan sou ganjman Eta a pou sipòte rezidan ki pi vilnerab nou yo nan pwofite tout opòtinite pou ogmante aksè nan lojman abòdab ki pa sèlman an sekirite ak konfòtab, men tou ki konsantrè sou efikasite enèji atravè entegrasyon aparèy STAR yo ak plonbri a fèb debi".

Lidè Majorite Sena a, Charles Schumer, te deklare, "Chak rezidan Onondaga merite yon kote ki an sekirite epi ki garanti pou yo rele lakay yo, epi mwen fyè dèske m wè investisman enpòtan sa a nan alafwa lojman abòdab ak sèvis sipò nan vil Cicero. Lè nou itilize 12 milyon dola nan Kredi Enpo Federal sou Lojman, ke mwen te travay di pou m sekirize, pou kreye plis pase 50 nouvo kay aksesib ak abòdab pou rezidan nan Onondaga yo ak ofri sèvis sipò pou granmoun aje ak veteran yo, nouvo devlopman sa a pral ede rezidan ki pi vilnerab nan eta nou an viv poukont yo. Mwen bat bravo pou angajman Gouvènè Hochul paske l ogmante aksè nan lojman ki nan pri abòdab nan Sant New York ak atravè Eta New York, epi mwen pral kontinye batay pou m ogmante rezèv lojman ak kreye yon New York ki pi abòdab ak vivab pou tout moun".

Senatè Eta a, John W. Mannion, te deklare, "Mwen sipòte anpil investisman 15 milyon dola eta a nan Monarch Commons nan Cicero k ap pote sou mache a 50 inite lojman abòdab ak sipò pou granmoun aje ak veteran yo. Mwen felisite epi remèsye Gouvènè Hochul paske l fè pwojè sa a vanse epi pou patenarya li nan kreye kominote dinamik ki satisfè bezwen tout rezidan yo".

Manm Asanble AI Stirpe te deklare, "Mwen kontan akeyi devlopman Monarch Commons nan Cicero. Nouvo lojman sa a non sèlman elaji aksè nanabri pou granmoun aje ak veteran nou yo nan Konte Onondaga, men tou ba yo sèvis sipò yo bezwen pou yo pwospere nan nouvo kay yo. Pwojè sa a se yon etap odasye nan angajman nou pou asire tout Nouyòkè yo gen yon twati sou tèt yo, epi mwen remèsye Gouvènè Hochul paske li sipòte devlopman vital sa a. Mwen pral kontinye travay di chak jou pou pote plis lojman an sekirite ak abòdab nan katye nou yo".

Sipèvizè Vil Cicero, Michael Aregano, te deklare, "Jodi a, nou ini nan selebrasyon pandan n ap make gran ouvèti CDS Monarch Commons, isit la nan kè vil Cicero. CDS te fèm nan angajman li nan ofri apatman konfòtab, efikas nan enèji pou granmoun aje ak veteran nou yo. Kòm nou konnen byen, nesesite pou lojman abòdab pou granmoun aje ak veteran nou yo se yon reyalite. Nou dwe pèsiste nan efò kolaborasyon nou anvè responsab Konte ak Eta yo pou pwolonje posibilite sa a bay lòt kominote atravè eta a. Nou rekonesan tou tout moun ki te dedye tan, efò ak pasyon yo pou fè vizyon sa a tounen yon reyalite".

Direktè Egzekitif Jeneral CDS Life Transitions ak Direktè Egzekitif CDS

Monarch, Andrew Sewnauth, te deklare, "Monarch Commons plis pase sèlman lojman abòdab. Li reprezante yon angajman solid CDS Monarch ak responsab eta ak lokal yo pou bay yon anviwònman ki an sekirite ak bon jan kalite pou moun ki nan kominote sa a ki bezwen li epi ki merite li plis – veteran ak tout moun k ap viv isit la. Nan

Monarch Commons, nou pa ka tann pou nou tande istwa enkwayab rezidan nou yo k ap vini".

###

Lòt nouvèl disponib sou sit www.governor.ny.gov
Eta New York | Chanm Egzekitif | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418